**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–28.08.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

नेपाल मे भीषण बाढ़िक बाद बाढ़िक खतरा फिलहाल टरि गेल अछि। वाल्मीकिनगर बैराज पर गंडक नदीक जलस्तर आइ सांझ पांच बजे एक लाख दू हजार एक सय क्यूसेक दर्ज कयल गेल। उपमुख्यमंत्री सह जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि जे नदीक प्रवाह फिलहाल सामान्य अछि। ओ कहलनि जे गंडक नदी मे पहुँचबा सँ पूर्व भोटेकोशी, त्रिशूली आ नारायणी नदी सँ आबैत जलस्तर कम भऽ गेल अछि। श्री चौधरी कहलनि जे एहतियातक तौर पर गंडक नदी सँ प्रभावित सभ आठ जिला कैँ अलर्ट पर राखल गेल अछि। ओ जनौलनि जे जल संसाधन विभागक टीम सभ तटबंधक चौबीसो घंटा निगरानी आ गश्त कऽ रहल अछि। एम्हर, राज्यपाल सैयद अता हसनैन नेपाल मे बाढ़िक स्थिति कैँ देखैत बिहार लोकभवन मे आपदा प्रबंधन प्राधिकरणक अधिकारी लोकनिक संग समीक्षा बैसार कयलनि। बैसार मे प्राधिकरणक उपाध्यक्ष डॉक्टर उदयकांत मिश्रा आ आन वरिष्ठ अधिकारी लोकनि राज्यपाल कैँ जनौलनि जे विभाग कोनहुं स्थिति सँ निपटबाक लेल तैयार अछि।

---

नेपाल–तिब्बत मे आओल विनाशकारी बाढ़ि सँ मरयवलाक संख्या बढ़ि कऽ पांच सय अड़तीस भऽ गेल अछि। सीमाक दुनू दिस एक हजार पाँच सय पैंतालीस लोक एखनहुँ लापता छथि। एम्हर, भारत पैघ पैमाना पर बचाव अभियान शुरू कयलक अछि। विदेश मंत्रालय कहलक अछि जे नेपाल मे मौजूद दू सय नब्बे भारतीय नागरिक एखनहुँ लापता छथि आ हुनकर खोजक प्रयास जारी अछि। एखन धरि भारतक चौरासी नागरिक कैँ बचाओल गेल अछि, जाहि मे त्रिशूली–वन जलविद्युत परियोजनाक तिरसठि कर्मचारी आ तमिलनाडुक एकैस गोटे शामिल छथि।

---

प्रधानमंत्री जनधन योजनाक आइ बारह बरख पूरा भऽ गेल अछि। एहि योजनाक तहत एखन धरि उनसठि करोड़ सँ बेसी खाता खोलल गेल अछि। एहि खाता सभ मे कुल तीन लाख सत्रह हजार करोड़ टाकाक राशि जमा अछि। एहि अवसर पर सोशल मीडिया पोस्ट मे

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहलनि जे जनधन योजना, वित्तीय समावेशन कैँ बढ़ावा देबा आ देशक लोक कैँ सशक्त बनेबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निमाहि रहल अछि। ओ कहलनि जे ई योजना सभ भारतीय लेल बैंकिंग सुविधा कैँ सुलभ बना रहल अछि। उल्लेखनीय अछि जे एहि योजनाक तहत महिला लोकनिक लगभग छप्पन प्रतिशत खाता समेत अठहत्तरि प्रतिशत खाता ग्रामीण वा अर्ध–शहरी क्षेत्र मे खोलल गेल अछि। एम्हर, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एहि महत्त्वपूर्ण योजनाक बारह बरख पूरा होयबा पर कहलनि जे ई योजना आर्थिक सशक्तिकरण कैँ जन–जन केर अधिकार बना देलक अछि। श्री चौधरी सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे ई योजना आत्मनिर्भर भारतक नींव कैँ आओर मजगूत कयलक अछि।

———————————————————————————

भाइ–बहिनक स्नेहक पाबनि रक्षाबंधन आइ देशभरि मे हर्षोल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि पाबनि मे बहिन सभ अपन भाइक कलाइ पर रक्षा सूत्र बान्हि कऽ हुनकर उत्तम स्वास्थ्य आ खुशहालीक कामना करैत छथि। ओतहि, भाइ सभ अपन बहिनक सुरक्षा आ सहयोगक संकल्प लैत छथि। रक्षाबंधनक अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू देशवासी कैँ शुभकामना देलनि। अपन संदेश मे ओ कहलनि जे रक्षाबंधन हमरा सभ कैँ याद करबैत अछि जे जीवन मे सभ संबंधक नींव विश्वास, संवेदनशीलता आ आपसी सहयोग पर टिकल रहैत अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी एहि अवसर पर कामना करैत कहलनि जे प्रेम, स्नेह आ आपसी भरोसक बंधन सदिखन मजगूत आ अटूट बनल रहय। ओतहि, राज्यपाल सैयद अता हसनैन अपन संदेश मे कहलनि जे एहि अवसर पर महिला सभ लेल गरिमापूर्ण आ सम्मानजनक वातावरण केर निर्माणक संकल्प लेबाक चाही। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी रक्षाबंधनक पावन अवसर पर प्रदेशवासी कैँ शुभकामना दैत कहलनि जे सभ बहिनक जीवन मे सुख, शांति, समृद्धि आ खुशी सदिखन बनल रहय। जिला सभ सँ हमर संवाददाता सभ जनौलनि जे रक्षाबंधन  हर्षोल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि।

———————————————————————————

रक्षाबंधनक अवसर पर राजधानी वाटिका मे राज्य स्तरीय वृक्ष सुरक्षा दिवस कार्यक्रम आयोजित भेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी गाछ कैँ राखी बान्हि कऽ पर्यावरण संरक्षण आ गाछक सुरक्षाक संदेश देलनि। ओ लोक सभ सँ बेसी सँ बेसी गाछ लगेबाक आ ओकर देखभाल करबाक अपील कयलनि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।